



## The Public Schools of Brookline (PSB)

Town Hall  
333 Washington Street, 5<sup>th</sup> Floor  
Brookline, Massachusetts 02445  
617.730.2401

V. James Marini, Ed. D.  
Siveyan Jeneral Tanporè

4 Oktòb 2020

Chè Kominote PSB,

Mwen swete ou menm ak fanmi w te pase yon bèl wikenn otonn. M ap ekri w aswe a konsènan kèk mizajou enpòtan ki fèt nan plan ouvèti lekòl nou an ki rele A Distan Plus la. Gen anpil enfòmasyon enpòtan nan mesaj sa a, donk, tanpri, kontakte lidè lekòl ou ak/oswa sipèvizè w si w gen nenpòt kesyon. Epitou, lidè distri yo pral bay Komite Lekòl PSB a enfòmasyon sa yo an detay jedi 8 oktòb a 6 è PM.

\*Enfòmasyon sa a aplikab sèlman anvè elèv ki nan A Distan Plis (“Remote Plus”) pou premye rive nan 12yèm ane yo. Orè, jou, ak modèl ansèyman BEEP (Pwogram Edikasyon Brookline pou Timoun Piti) ak Akademik Ansèyman a Distan yo (RLA) pap chanje. Gade nòt ki pi ba a sou Kindègadenn.

### Modèl Melanje PSB a

Modèl melanje PSB adopte pou premye ane rive nan 12yèm ane yo divize elèv yo nan 2 gwoup epi l suiv yon pwogram woulman kote yo fè 2.5 jou nan lekòl la ak 2 jou a distans. Nou pral fè tout efò nou pou frè ak sè asiyen nan menm gwoup, kèlkeswa ane lekòl y ap fè. Nou atann elèv yo pral asiste jou lekòl konplè, sof jou mèkredi yo. Kounye a jou mèkredi yo pral jou nou lage bonè (n ap lage a midi) epi vandredi pral yon jounen konplè kounye a. Elèv yo pral pran manje midi jou mèkredi yo.

<b>SEMÈN 1</b>					
	<b>Lendi</b>	<b>Madi</b>	<b>Mèkredi (Lage a Midi)</b>	<b>Jedi</b>	<b>Vandredi</b>
<b>GWOUP A</b>	Fasafas	Fasafas	Fasafas	A distans	A distans
<b>GWOUP B</b>	A distans	A distans	A distans	Fasafas	Fasafas

<b>SEMÈN 2</b>					
	<b>Lendi</b>	<b>Madi</b>	<b>Mèkredi (Lage a Midi)</b>	<b>Jedi</b>	<b>Vandredi</b>
<b>GWOUP A</b>	Fasafas	Fasafas	A distans	A distans	A distans
<b>GWOUP B</b>	A distans	A distans	Fasafas	Fasafas	Fasafas

\*Note sa: Pandan n ap finalize pwogram nan, pwogram Kindègadenn nan gendwa bezwen aliye avèk rès ane lekòl yo. Nou pral bay plis enfòmasyon sou pwogram sa a osito nou kapab.

### **Dat pou Pwogram Melanje a Kòmanse**

Distri a pral kòmanse adopte nouvo modèl ansèyman melanje a nan dat nou site pi ba a.

<b>Ane Lekòl</b>	<b>Dat</b>
1-2 <sup>yèm</sup> Ane 9 <sup>yèm</sup> Ane	20 Oktòb 2020
3-8 <sup>yèm</sup> Ane	26 Oktòb 2020
10-12 <sup>yèm</sup> Ane	9 Novanm 2020

\*\*Note sa: Tout elèv ki nan premye ane rive nan 8<sup>yèm</sup> ane yo pral adopte pwogram ki nan modèl melanje a 20 oktòb. Sa vle di elèv ki nan 3<sup>yèm</sup> ane rive nan 8<sup>yèm</sup> ane yo pral suiv pwogram yo a distans pandan semèn 20 oktòb la anvan yo adpote modèl jounen lekòl/jounen a distans lan 26 oktòb.

### **Tant**

Tant te kòmanse rive nan lekòl yo semèn pase. Lekòl Baker, Lincoln, ak Driscoll yo deja resevwa tant yo. Lòt lekòl yo ap tann livrezon pa yo toujou.

### **“Plis”**

Lidè lekòl yo deja bay okazyon “plis” pou elèv yo e y ap kontinye travay sou pwogram ki stab pou “plis” yo alavni. Pifò lekòl yo te fè “rankontre e salye” kote elèv yo te rankontre pwofesè yo e vin chèche materyèl yo. Lòt lekòl te kòmanse ajoute aktivite sosyal ki enteresan, tankou lekti awotvwa pandan tan “plis” yo. Okazyon sa yo te pote anpil byenfè ni pou elèv yo, ni pou pèsònèl la.

Pou n pwograme okazyon “plis” yo pi regilyèman, n ap mande tout ekip lekòl yo pou yo kontinye suiv direksyon sante piblik yo e asire yo tout elèv ki pa nan distri a e/oswa ki monte bis pou yo vin lekòl yo jwenn menm aksè ak lòt elèv yo yon fason ki jis.

## Sante ak Sekirite


- Tanpri, asire w ou ranpli [Fòmilè Atestasyon Sante](#) a anvan pitit ou kòmanse vin nan lekòl toutbon an. Si w gen kesyon sou fòmilè a oubyen lòt enkyetid sante ak sekirite, ou ka dirije yo anvè enfimyè lekòl ou a.
- Tout lekòl ak sal de klas yo pral jwenn pi bon sistèm echanj lè ak vantilasyon distans pou elèv yo tounen nan lekòl toutbon yo pou modèl melanje a.

## Chanjman RLA/A Distans Plis

Jan n te pale sou sa pandan planifikasyon an, fanmi yo pral jwenn okazyon nan fen premye semès la pou yo fè yon chanjman nan modèl ansèyman pitit yo. Fanmi yo pral resevwa yon mesaj nan men distri a 2 novanm 2020 ki gen plis enfòmasyon. Si w deside chanje modèl ansèyman pitit pa w la, y ap kòmanse plasman yo 16 novanm.

Ou ka jwenn dènye nouvèl sou ouvèti lekòl la nan [sit wèb nou an](#). Kòm toujou, nou mete sante ak sekirite kominote nou an devan lè n ap pran desizyon sa yo e nou apresye pasyans ou pandan n ap navige moman sa yo ki kontinye ap chanje. Nou chofe pou elèv nou yo tounen lekòl e nou pa ka tann semèn k ap vini yo.

Mèsi anpil,



Jim Marini  
Siveyan Jeneral Tanporè